ISSN 2181-3187

# ҚАРАҚАЛПАҚ КЛАССИК ШАЙЫРЛАРЫНЫҢ ШЫҒАРМАЛАРЫНДА ЎАТАНСУЙИУШИЛИККЕ ТӘРБИЯЛАЎ

***Г. Жумамуратова; Т.Азизова.***
*ӨзПИИИ ҚҚ филиалы илимий хызметкерлери*

**Резюме:** Мақолада қорақалпоқ классик шоирларининг асарларидаги маънавият масалалари таҳлил этилади.

**Резюме:** В статье анализируется проблемы духовности в произведениях Каракалпакского народного поэта.

**Cummary:** The article analyzes the problem of the works of the national poet of KARAKALPAK.

**Таянч сузлар:** Бердақ, халқ шоири, маънавият, поэзия , демократик ғоя, шъер, маданият.

**Ключевые слова:** Бердак, народный поэт, духовность, поэзия, демократическая идея, стихотворение, культура.

**Key words:** Berdak, the nationalpoet, spirituality, poetry, the democratic idea, a poem, culture.

Қарақалпақ әдебияты, жәмийетлик-философиялық ҳәм педагогикалық ой-пикирлер тарийхында үлкен тулға есапланған қарақалпақ классик шайырларының шығармаларын оқысаңыз ондағы тийкарғы мазмун, Ўатанға садықлық, туўылған елге болған муҳаббат, сүйиспеншилик идеялары менен суўретленгенлигиниң гүўасы боласыз. Елимиздиң сулыў тәбияты инсанлары, олар арасындағы өз-ара мүнәсибетлер, аўызбиршилик, халқымызға тән болған үрп-әдет, салт-дәстүрлерин өзине тән мақтаныш сезимлери менен жырланады.

Ўатанды мақтаныш етиў, оның ҳәр бир қарыс жерине, таўы-тасына, илим-пән, көркем-өнери жетискенликлерине мехр менен қараў, оны көздиң қарашығындай сақлаўды дөретиўши орталық қәлиплестиреди.

Әлбетте, ҳәр қандай инсан өз халқының перзенти есапланады. Демек ҳәр бир инсан ең дәслеп өз Ўатаны, халқы ушын хызмет етиўи дәркар. Бул оның ел-халық алдындағы парызы есапланып, ол өз халкы алдында есап береди. Оның барлық хызметлери халқына бағышланады.

Әжинияз қазақтың шайыр қызы Меңеш пенен айтысында өз халқын мақтаныш пенен тилге алады.

Меңеш: Көшкенде қызларыңыз не минеди,
Хожеке хайтта –тойда қызларың не кийеди,
Қарақалпақ дегенде журт болып па?
Дегениң қарақалпақ немене еди?

ISSN 2181-3187

Әжинияз: Көшкенде көлеңкели бар күймеси,
Көйлеги дарайыдан он түймеси,
Шылдыры, өнир моншақ бар жәнеси,
Билезик, жүзик, сырға немеси,
Бели қылдай, өңиринде хәр түймеси,
Кийинип ҳайтлап шықса оны беси,
…Көринер ишкен асы тамағынан,
ямаса: Жигити бизиң елдиң болар ғошшақ,
Белинде тиллә камар, алтын пышақ,
Жигити бизиң елдиң мине, сондай,
Пашшайы сым балағы жипек шашақ,
Мингени арғымақ ат мойны қуўдай…

Әжинияз Қосыбай улының ўатансүйиушилик руўхында жазылған «Еллерим барды» қосығында өзиниң туўылған елин, Ўатанын мақтаныш сезими менен жырлайды.

Жайлауым-Үргенч, арқасы теңиз,
Жаўырыны қақпақтай маллары семиз,
Рухсатсыз бир-бирине салмас из,
Бирликли Қоңырат еллерим барды.

Шайыр халқының туўрылық, ҳақыйқатлық, расгөйлик сыяқлы жоқары пазыйлетлерин төмендеги көрсетип береди.

Өтирикти рас етип айтпаған,
Туўры жолдан бас кетсе де қайтпаған,
Нәмәхремди ҳасла жолдас тутпаған,
Аты қарақалпақ еллерим барды,- сыяқлы қатарлары менен халқымыздың қанына сиңген өзине тән менталитетин, үрп-әдеплерин, қәдириятларын баян етеди. Бул әлбетте оқыўшыда туўылған жерге болған муҳаббаты, өз елине болған мақтаныш сезимлерин, хүрметти оятыўы сөзсиз.

Беллескенде хан палўанын коймаған,
Күш-қарыўы бир бойына сыймаған,
Шақырмаса мерекеге бармаған,
Қоңыраттың Гүжектей палўаны барды

Өз ана-журтын сүйген патриот шайыр халықтың ҳасыл, ийгиликли қәсийетлерин, оның бирлигин, дослығын, татыўлығын, «туўры жолдан бас кетсе де қайтпайтуғын» мәртлигин, ҳадаллығын, оның баҳадыр, палўан, ғайратлы перзентлерин үлги сыпатында көрсетеди.

Шайыр «Айрылса» қосығы арқалы келешек әўладка өз халқын, Ўатанын ардақлаўға, сүйиўге, ел-журт нәпеси менен жасаўға, туўылған жерди абайлап асыраўға үндейди.

ISSN 2181-3187

Елинен айрылған дийўана болар,

Ярынан айрылған бийгана болар,

Ҳәррелер ушубан пәруана болар,

Уясы бузылып, палдан айрылса,-деп көрсетип, киндик қаның тамған ана жериңди, Ўатаныңды қәдирле деп нәсиятлайды.

Әжинияз шайыр менен Бердақ шайырдың дөретпелери арқалы да оқыўшы өзинде мийнетсүйиўшилик, инсаныйлық, мәртлик, сақыйлық, әдеп-икрамлылық ҳәм тағы басқа пазыйлетлерди сезе алады.

Бердақ шайырдың «Балам», «Халық ушын», «Жақсырақ», «Қашан рәҳәтланадурсаң», «Айдос баба», «Ерназар бий» қосықлары усындай тәрбиялық әҳмийетке ийе дөретпелерден есапланады.Сол себепли жазыўшы, шайыр дөретпелери өз халқы ҳәм жасаған заманы ҳаққында айтқан пикирли менен өлшенеди.

Жумыс исле, туўылған соң ел ушын,

Жаныңды аяма елде ел ушын,

Киндиктен қан тамып туўған жер ушын,

Өлип кеткениңше хызмет жақсырақ - деп туўылған мәканыңды, елиңди, өскен жериңди сүй, оны қәдирле, ата-бабамыз жасаған жер, киндик қаны тамған ҳасыл топырақ, әдиўли Ўатанды қәстерлеўди ескертеди.

Оқыўшыларды жас ўақтынан баслап тәрбиялаў ҳәр бир ата-ана, кең жәмийетшилигимиздиң ўазыйпасы болып табылады. Қарақалпақ классик шайырларының мәдений мийрасын үйрениўде ҳәм раўажландырыўда миллий өзгешеликлери ҳәм руўхый қәсийетлери есапқа алынып, ис көриў мақсетке муўапық келеди. Инсанnetwork тәбият байлықларды сақлаў ислерине туўылған мәканыңды, ана Ўатанымызды қәстерлеўге итибар қаратыў лазым.

Жуўмақлап айтқанда, қарақалпақ классик шайырларының мийнетлерин, ақыл-нәсият сөзлерин үйрениў ҳәм жаслардың тәлим-тәрбия ислерине пайдаланыў мақсетке муўапық болып есапланады.

**Әдебиятлар:**

1.Мамбетов.К.Әжинияз. Н.,1994ж.24-бет.

2.Бердақ ҳаққында сөз. Нөкис «Қарақалпақстан» 1987.